

Pepindhan: Tegese, Contoh, dan Artinya

Kawruh basa.com - Pepindhan tegese yaiku unen-unen kang ngemu teges saemper. Pengertian dalam bahasa Indonesia, pepindhan adalah kata atau kalimat pengandaian, perumpamaan, ibarat yang digunakan untuk menggambarkan sesuatu sehingga terdengar lebih yang mirip dengan [panyandra](#).

Hal ini terlihat dari penggunaannya, yang sering digunakan dalam percakapan, misalnya untuk memuji kebaikan (keindahan), dan sebaliknya menyindir keburukan perilaku seseorang. Misalnya: "*Baguse kaya Kamajaya tumurun*", "*polahe kaya manuk branjangan*".

Dari satu contoh di atas dapat kita lihat bahwa untuk menjelaskan kata paling depan menggunakan kata penghubung "*kaya*" yang artinya seperti. Selain kaya, pepindhan juga menggunakan kata atau tembung kadi, kados, lir, pendah, yayah kadya yang artinya setara dengan kaya.

Tembung Pepindhan

Pepindhan yaiku tembung kang ngemu surasa pepindhan, utawa irib-iriban. Mula tembung pepindhan biyasane kawiwitan nganggo tembung pepindhane, prasasat, kaya, pindha, kaya, kadya, lir.

Dalam bahasa Indonesia, pepindhan adalah kalimat yang mengandung makna perumpamaan/ibarat/pengandaian. Makanya, kalimat tersebut biasanya diawali dengan kata pepindhane, kaya, pindha, kaya, kadya, lir. yang arti kata-kata tersebut sama, yaitu bagaikan.

Tembung pepindhan kuwi tembung kang yen di tegeske tenan ora ngemu surasa sejatine. Mula saka kuwi pepindhan mesti dilekasi nganggo tembung; pepindhane, kaya, pindha, kaya, kadya, lir, prasasat. Yen wakmu ngaggo basa Indonesia, isoh diarani "*kalimat pengandaian*". Pepindhan asring dipigunakake ing pacelathon padinan, panyandra sajeroning adicara pengantenan utawa sajeroning babagan sastra.

Dalam bahasa Indonesia, tembung pepindhan juga disebut dengan kalimat yang tidak mengandung arti sesungguhnya. Maka dari itu, setiap memulai kalimatnya diawali dengan kata pepindhane, kaya, pindha, kaya, kadya, lir, dll, yang arti kesemuanya adalah "seperti, ibarat, bagaikan, bak, bagai, dan kata setaranya".

Dalam pergaulan sehari-hari, tembung pepindhan banyak digunakan untuk melukiskan banyak hal, seperti keindahan wajah seseorang maupun tingkah laku seseorang. Dan dalam seni dan budaya pepindhan sering digunakan dalam dunia pewayangan.

Pepindhan sama juga dengan majas perumpamaan (majas asosiasi). Contohnya, "wajah kakak beradik itu bagaikan langit dan bumi", "badannya gagah seperti Raden Werkudara" dan yang semacamnya.

Contoh Pepindhan

Agar lebih jelas dalam memahami pepindhan, di sini kami sertakan 94 contoh dari a sampai z. Dengan membaca contoh tersebut diharapkan anda akan bisa membuat tembung pepindhan sendiri untuk mengibaratkan sesuatu.

A : dimulai dari abjad "a"

- Abang kumpul padha abang, kaya alas kobong.
- Abang ngumpul padha abang kaya alas kobar.
- Abange, kaya godhong katirah.
- Abote, kaya watu.
- Adheme, kaya es.
- Agunge, kaya samodra rob.
- Akehe lelara, kaya kena pagebluk.
- Akehe pepati, kaya babadan pacing.
- Akehe pepati, kaya sulung lumebu geni.
- Ali-aline, gunung sapikul.
- Aluse, kaya sutra arab.
- Antenge, kaya temanten ditemokake.
- Antepe, prasasat wesi gligen.
- Anyepe, kaya debog.
- Asine, kaya uyah.
- Atose, kaya wesi.
- Aweh sumbangan wong sugih prasasat nguyahi segara
- Ayune, kaya dewi Ratih.

B : dimulai dari abjad "b"

- Baguse, kaya Bathara Kamajaya.
- Baguse, kaya Kamajaya tumurun.
- Bangone awangun, kaya gedhang salirang.
- Bantere, kaya angin liwat.
- Bebadane, kaya ngadhal melet.
- Bebedane, ngandhal melet
- Bedane, kaya bumi karo langit.
- Begjane, kaya ketiban ndaru.
- Begjane, kaya nemu cempaka sawakul.
- Begjane, kaya nemu mas sagenthong.
- Brengose, nglaler mencok.
- Brengose, nguler keket.
- Bungahe, kaya ketiban daru.
- mBranyak, kaya Srikandhi

C : dimulai dari abjad "c"

- Cahyane bingar, kaya lintang johar.
- Cahyane nglentrih, kaya rembulan karahinan.
- Cep klakep, kaya orong-orong kepidak.
- Cethile, kaya cina craki.
- Cumlorot, kaya lintang alihan.
- Cumlorot, kaya ndaru.

D : dimulai dari abjad "d"

- Dalane, kaya mbathok mengkureb.
- Dalane, kaya nggeger sapi.
- Dawane barisan, kaya sela brakithi.
- Dedege, kaya ngringin sungsang.
- Dhuwure, kaya othak-othik mega
- Domblong, kaya sapi ompong.
- Dondomane, kaya tutus kranjang.

E : dimulai dari abjad "e"

- Emane, kaya marang anak ragil.
- Empuke, kaya gudir.
- Enthenge, kaya kapuk.
- Esemane, kaya raden gatutkaca.

G : dimulai dari abjad "g"

- Gagah prakoso, kaya Raden Werkudara.
- Galake, kaya buta.
- Galake, kaya buta luwe.
- Galake, kaya macan manak.
- Gampang, kaya empol pinecok.
- Ganthenge, kaya arjuna
- Gas-gasan, kaya kere nemoni malem
- Gelise, kaya banyu mili.
- Gelise, kaya banyu sinaring.
- Gelungane, kaya minangkara.
- Gelungane, kaya ngadhal menek.
- Gelungane, minangkara
- Gelungane, ngadhal menek
- Ghendhewane, awangun kadhal meteng.
- Gereng-gereng, kaya singa antuk bayangan.

I : dimulai dari abjad "i"

- Ijo kumpul padha ijo, kaya bethet sayuta.
- Ireng kumpul padha ireng, kaya gagak areraton.
- Ireng kumpul padha ireng, kaya dhandhang areraton.

J : dimulai dari abjad "j"

- Janggute, kaya tawon gumantung.
- Janggute, pindha tawon gumantung
- Janggute, pindha tawon gumantung.
- Jogede, kaya merak kasimpar.
- Jogede, mucang kanginan.
- Jogede, pindha merak kasimpar.

K : dimulai dari abjad "k"

- Kagete, kaya tinubruk ing wong lepat.
- Kaku kaya alu, lemes kayu kena ginawe tali
- Kaku, kaya kena nggo pikulan.
- Kehing bangke, kaya babadan pacing.
- Kehing pepati, kaya sulung mlebu geni.
- Kekejere, kaya manuk branjangan.
- Kenese, kaya Dewi Srikandi.
- Kepingine, kaya nyidham cempaluk.
- Kesete, kaya kadhal.
- Kesite, kaya laler.
- Klular-klulur, kaya tuma kathok.
- Kopat-kapit, kaya buntut ula tapak angin.
- Kuning kumpul padha kuning, kaya podhang reraton.
- Kuninge, kaya emas sinangling.

L : dimulai dari abjad "l"

- Lakune nusup-nusup, pindha ayam alas.
- Lambene, nyigar jambe.
- Landhepe, pindha pepes pitung pinyukur.
- Landhepe, pitung pinyukur.
- Lelewane, milangoni.
- Lelewane, pindha milangoni.
- Lembehane kaya merak kesimpir.
- Limpendah apsari kaswangan.
- Lir sato, mungging rimbangan.
- Liwat dalam sing mbebayani prasasat ula marani gebug
- Luruhe, kaya Sembadra.
- Luruhe, pindha Dewi Sembadra

M : dimulai dari abjad "m"

- Mendhak-mendhak, kaya babon memeti.
- Mider-mider, kaya under.
- Mider-mider, kaya undur-undur.
- Miling miling, kaya jangkung.
- Mlakune mundur, kaya mungkur gangsir.
- Mlakune, ndodhok mencolok.
- Mlakune, ngadhok.

N : dimulai dari abjad "n"

- Nangise, ndrenginging kaya rase kewaregen.
- Nangise ngorong, kaya orong-orong muni.
- Nuturi wong pinter, prasasat ngajari bebek nglangi.
- Nusup, kaya ngayam alas.
- Nyengite, kaya dhemit mecicil.

O : dimulai dari abjad "o"

- Olehe kabegjan, kaya nemu emas saloka.
- Omahe awangun, glathik mungup.
- Omahe awangun, gedhang salirang.
- Omahe awangun, klabang nyander.

P : dimulai dari abjad "p"

- Praupane, pindha jambe sinigar.
- Padhange, kaya rina.
- Pakulitane ireng kaya silit kwali.
- Panampane kaya rebut ducung.
- Panase kaya mecah-mecahno sirah.
- Parine ijo, gumadhung.
- Parine isi, ngemping.
- Parine wis gumadhing.
- Pasedulurane kaya banyu karo lenga.
- Pasedulurane kaya sapu ilang suhe.
- Pasugatane kaya mbanyu mili.
- Penggalihe padha-padha, pindha suruh lumah lan kurepe, yen dinulu seje rupane, yen ginigit padha rasane.
- Pepati akeh kaya babadan pacing.
- Peteng ndhedhet, ndumuk irung.
- Pikire, landhep dhengkul.
- Pintere, kaya bisa njara langit.
- Pintere, kaya bisa nyancang angin.
- Pipane rokok, kaya menyu.
- Pipine, kaya tomat mateng.
- Playune kaya sipat kuping.
- Playune lonjong botor.
- Polahe kadya ngaru napung.
- Polahe, kaya gabah den interi.
- Polahe, kaya kuthuk kelangan babon.
- Polahe, kaya ngaru napung.
- Polatane kadya ruruh jatmika
- Polatane mbranyak, kaya Raden Kakrasana/Samba.
- Prayogane wong iku aweh sandhang marang wong kawudan.
- Prayogane wong iku aweh teken marang wong kalunyon.
- Putih kumpul padha putih, kaya kuntul neba.
- Putih memplak, kaya kapuk diwusoni.
- Putih ngumpul padha putih kadya kuntul sarawa.

R : dimulai dari abjad "r"

- Rakete, kaya sadulur sinara wedi.
- Ramene, lir prahara nempuh wukir.
- Ramene, surak mbata rubuh.
- Rikate, kaya mlayune angin.
- Rukune, kaya mimi lan mintuna.

- Ruruhe, kaya Raden Janaka.
- Ruruhe, kaya Dewi Sembadra.
- Rupane, kaya Jambe Sinigar.

S : dimulai dari abjad "s"

- Salake, medhi (masir).
 - Sambate, kaya grantang.
 - Sambate, kaya ngaru ara.
 - Senenge, kaya bubuk oleh leng.
 - Sentosa banget, kaya janget kinatelon.
 - Sorote kaya ndaru
 - Sowane mendhak-mendhak, kaya sata manggih krama.
 - Srawunge, kadya renggang gula kemepyr pulut.
 - Suguhane, mbanyu mili.
 - Sumbare, kaya bisa mutung wesi gligen.
 - Sumbare, kaya wani ndilat wesi abang panas.
 - Surake mbata rubuh.
 - Suweke, kaya nyangkem kodhok.
 - Swarane mriyem, kaya mbelah-mbelahna bumi.
- Swarane ngeget-egeti, kaya gelap ing mangsa kapat.

T : dimulai dari abjad "t"

- Tandange cukat, kaya kilat, kesit kadya thathit.
- Tandange, kaya bantheng ketaton.
- Tandange, kaya jangkrik mambu kili.
- Tandange, kaya sikatan nyamber walang.
- Tapa ngalong; tapa ngidang; nyatuka.
- Tekade, kaya geni lan urupe.
- Tekade, kaya madu lan manise.
- Tembunge kaya pait madu.
- Tepunge kalis (kekancane), kaya banyu karo lenga.
- Thingak-tinguk, kaya kethek ditulup.
- Tindake, nusup ngayam alas.
- Tulisane, awangun ketumbar (aksara jawa).
- Tulisane, mbata sarimbang (aksara jawa).
- Tulisane, ngeri (aksara jawa).

U : dimulai dari abjad "u"

- Ulese, ngembang asem (pepindhane kucing).
- Ulese, ngembang duren (pepindhane jaran).
- Untabe, kaya samodra rob.
- Utange, akeh wulu kucing
- Utange, nyundhul empyak
- Utange, turut usuk

W : dimulai dari abjad "w"

- Wangsulane, kaya saur manuk.
- Wangune, kaya dara gepak.
- Wangune, kaya gedhang salirang.
- Wiragane, nenangi brata.
- Wrangkane, gayaman.

Pelajari juga:

- [Tembung Entar: Pengertian, Penggunaan, dan daftar contoh](#)
- [Purwakanthi: asal kata, pengertian, jenis dan contoh](#)
- [Parikan: Pengertian lengkap dengan contohnya 2 baris dan 4 baris](#)

Demikian yang dapat kami sampai tentang "Tembung Pepindhan Jawa, lengkap dengan contoh dan artinya". Baca juga artikel pembelajaran Bahasa Jawa di situs kami Kawruhbasu.com.